

# **ÒDONANS DIJANS 2020-007**

## **Chanjman nan Òdonans ak Anèks - Rezime**

### Òdonans 2020-007

#### 3.a Otorize pak yo re-ouvri

#### Anèks 2 – Revizyon 1: Aktivite Navigasyon Bato ak Maritim

- A.1. Sèvis ki bay – otorize vant an detay an akò ak EO 20-112
- A.2. Restoran – otorize repa nan restoran sou plas an akò ak EO 20-112.

#### Anèks 3 – Revizyon 1: Kondisyon pou Gòlf

##### 3a: Kondisyon pou Teren Gòlf

- 2. Otorize etablisman pratik gòlf yo ouvri nèt, avèk distans 10 pye.
- 3. Otorize enstriksyon pou gòlf ak enstalasyon klèb sou yon baz endividyèl.
- 4. Otorize jwè yo rive 45 minit anvan lè pou kòmanse olye 20 minit.
- 6. Otorize restoran yo nan paviyon yo ouvri an akò ak EO 20-112;
- 9. Otorize restoran teren gòlf yo ouvri an akò ak EO 20-112.
- 12. Otorize aksè ak magazen (Pro Shop) an detay la an akò ak EO 20-112.
- 14. Lè minimòm pou kòmanse a fikse ak entèval 9 minit apati 12 minit anvan yo.
- 15. Otorize charyo manje ak bwason avèk restriksyon sante ak sekirite.
- 17. Jwè yo ka itilize yon aparèy san kontak pou retire boul pou rekipere boul la nan koup la.

##### 3b. Responsablite Jwè Gòlf

- 1. Otorize jwè yo rive 45 minit anvan lè pou kòmanse olye 20 minit.
- 3. Jwè yo ka itilize yon aparèy san kontak pou retire boul pou rekipere boul la nan koup la.
- 7. Otorize charyo manje ak bwason avèk restriksyon sante ak sekirite.

#### Anèks 4 – Revizyon 1: Pak piblik, Pak Prive ak Zòn Natirèl yo

- A.1. Otorize pak prive ak pak plaj yo re-ouvri.
- A.6. Otorize pak chyen, pak patinaj sipèvize ak pis bisiklèt kòm ekipman rekreatif disponib depi direktiv CDC ak distans sosyal yo respekte. Dwe gen sipèvizyon pou pak patinaj ak pis bisiklèt.
- A.7. Otorize etablisman ekitasyon yo re-ouvri dapre direktiv CDC yo.
- B.4. Teren baskètbòl yo ka ouvri.
- B.5. Otorize jwèt doub pou tenis, pikobòl ak rakètbòl.
- B.6. Bilding ak sal espò yo ka ouvri an akò ak EO 20-112.
- B.13. Otorize konsesyon manje ak bwason an akò ak EO 20-112.

#### Anèks 5 – Revizyon 1: Teren Tenis ak Pisin Kominotè

- A.1. Retire restriksyon sou jwèt doub yo sou teren tenis ak etablisman rakèt anplennè yo.
- A.4 Otorize enstriksyon pou tenis sou yon baz endividyèl.
- B.1. Ajoute definisyon pou pisin kominotè.
- B.2. Revize kondisyon pou jesyon ak kontwòl pisin kominotè yo.